

Egzijans Eta New York pou Tès Epatit C

Kisa epatit C ye?

Epatit C se yon maladi fwa. Li kapab lakòz gwo domaj nan fwa, kansè fwa e li ka menm lakoz lanmò si li pa trete. Sepandan, moun ki gen epatit C kapab trete avèk siksè e yo ka geri avèk medikaman.

Epatit C pwopaje sitou pa kontak avèk san moun ki gen epatit C. Sa kapab rive nan pataje ekipman pou pran dwòg oswa pou fè tatouwaj oswa pou pèse kò. Yon moun ki ansent kapab bay pitit li epatit C tou pandan gwosès li.

Kisa Eta New York egzije pou tès epatit C?

Eta New York egzije pou yo founi yon tès depistaj epatit C pou:

- Tout moun ki gen laj 18 lane oswa plis.
- Moun ki a risk ki poko genyen laj 18 lane.
- Tout moun ansent pandan chak gwosès.

Si yon moun aksepte pou yo fè yon tès depistaj epatit C pou li epi rezilta a reyaktif, oswa pozitif, pwofesyonèl swen sante a dwe asire l ke li fè yon tès Asid Dezoksiribo Nikleyik (Ribonucleic Acid, RNA) pou detekte epatit C pou li dyagnostike enfeksyon epatit C a.

Si moun yo teste a dyagnostike avèk epatit C, pwofesyonèl swen sante an dwe swa ofri moun la swen sante ak tretman swivi pou epatit C, oswa refere moun lan bay yon pwofesyonèl swen sante ki kapab fè sa.

Poukisa tout adilt ak moun ansent ta dwe teste pou epatit C?

- Nouvo ka epatit C ap ogmante, sitou pami jèn adilt ak moun ansent.
- Majorite moun ki gen epatit C pa gen okenn sentòm epi yo pa santi yo malad.
- Prèske mwatye moun ki gen epatit C pa konnen yo gen enfesyon an.
- Tès se premye etap pou jwenn tretman ak gerizon pou epatit C.

Kilè yon moun ki poko genyen laj 18 lane ta dwe teste pou epatit C?

Moun ki poko genyen laj 18 lane ta dwe teste pou epatit C si yo:

- Pat janm pataje zegwi, sereng oswa nenpòt lòt ekipman pou prepare oswa pran dwòg.
- Fè yon tatouwaj oswa pèse kò yo nan men yon atis ki pa lisansye, tankou sa ki nan lari oswa pandan li nan prizon.
- Rale dwòg nan nen.
- Gen VIH.
- Te ekspozè ak epatit C nan moman yo fèt.
- Te ekspozè avèk san nan travay yo atravè yon piki zegwi, oswa nan yon blesi avèk yon objè ki pwenti.

Kijan yo fè tès epatit C a?

Tès epatit C a se yon pwosesis an de (2) etap. Yon pwofesyonèl swen sante gendwa fè de (2) tès yo avèk yon sèl priz san.

Premye etap la se yon tès depistaj epatit C ki chèche antikò viris la nan san an. Tès sa a kapab fèt apati yon echantiyon san yo voye nan yon laboratwa oswa apati yon prelevman san nan dwèt avèk yon tès rapid antikò epatit C.

- Yon tès antikò ki pa reyaktif, oswa negatif, vle di yon moun pa gen epatit C. Sepandan, si yon moun te ekspozè sa pa gen lontan avèk viris epatit C a, li pral bezwen teste ankò.
- Yon tès antikò reyaktif, oswa pozitif, vle di yo jwenn antikò epatit C nan san an. Moun lan gendwa gen epatit C. Yon moun ki te gen epatit C ap toujou gen antikò yo nan san li, menm si li te trete epi geri. Yon tès swivi, tès RNA pou detekte epatit C a, chèche viris la nan san an pou dyagnostike si moun lan gen epatit C nan moman an.

Pou plis enfòmasyon sou tès epatit C, ale sou: <https://www.health.ny.gov/publications/1921.pdf>.

Kisa ki tretman pou epatit C?

Epatit C kapab geri avèk medikaman ki fasil pou pran. Tout tretman epatit C yo se konprime pou pran nan bouch pandan 8 a 12 semèn. Pafwa tretman an se sèlman yon konprime, yon fwa pa jou. Majorite moun pa gen twòp efè segondè.

Pou plis enfòmasyon sou tretman epatit C, ale sou: <https://www.health.ny.gov/publications/1923.pdf>.

Ki kote yon moun kapab jwenn tès gratis pou epatit C nan Eta New York?

Pou kote ou ka fè tès nan Eta New York ale sou:

https://www.health.ny.gov/diseases/communicable/hepatitis/hepatitis_c/providers/testing_locations.htm.

Ki kote yon moun kapab jwenn yon pwofesyonèl swen sante pou tretman epatit C nan Eta New York?

Anyè sou entènèt AIDS Institute ki nan Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) la founi aksè fasil ak enfòmasyon ki gen rapò avèk tout pwofesyonèl ki ofwi sèvis pou epatit C atravè Eta New York. Pou jwenn yon pwofesyonèl nan domèn epatit C, ale sou:

<https://providerdirectory.aidsinstituteny.org>.

Pou plis enfòmasyon, ale sou: www.health.ny.gov/hepatitisc

TÈS EPATIT C: Feyè Enfòmasyon pou Konsomatè • health.ny.gov/hepatitisc